



Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ AMELYORASYON  
ENFRASTRIKTI KI KOUTE 135 MILYON DOLA NAN I-95 NAN KONTE  
WESTCHESTER**

*Pwojè a te konsantre sou "Last Mile" New England Thruway lan jiska fwontyè  
Connecticut la*

*Amelyorasyon yo gen ladan rekonstriksyon wout ak ranp, konstriksyon baryè  
kont bri ak lòt modènizasyon pou amelyore sekirite ak sikilasyon trafik*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman pwojè amelyorasyon enfrastrikti ki koute 135 milyon dola sou yon seksyon New England Thruway (I-95) nan Konte Westchester ke yo konnen kòm "Last Mile" (Dènye Kilomèt). Pwojè a te kòmanse an 2018.

Pandan dènye deseni yo, 23 kilomèt I-95 nan Bronx, Pelham, New Rochelle, Mamaroneck, Harrison ak Rye te rekonstwi. Pwojè sa a te konsantre sou dènye twonson yon kilomèt swasant soti nan Exit 22 (Port Chester - Rye - Midland Avenue) rive nan liy eta Connecticut, ki sèvi plis pase 140,000 otomobilis chak jou.

"Avèk investisman nan pwojè enpòtan yo tankou Last Mile I-95, non sèlman n ap ede ranfòse ekonomi New York la, men tou n ap solidifye wòl nou kòm yon lidè nasyonal nan enfrastrikti transpò", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Amelyorasyon nan kòridò sa yo esansyèl nan asire yon sistèm otowout sekirite ak fyab pou pasaje yo ak vizitè yo nan New York".

"Achèvmman pwojè "Last Mile" sou I-95 lan demontre angajman Otorite Thruway pou investi nan enfrastrikti ak modènize sistèm transpò nou", **Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te deklare**. "Twonson I-95 lan se youn ladan yo ki pi frekante sou Thruway la epi sa gen bon tan depi amelyorasyon nesesè sa yo te dwe fèt sou liy prensipal la, sistèm echanjè a ak pasaj siperyè lokal yo. Avèk achèvmman pwojè sa a, otomobilis yo kapab kounye jwi yon eksperyans vwayaj amelyore nan zòn sa a".

ECCO III Enterprises Inc. nan Yonkers, NY te fini kontra Konpesyon-Òf-Konstwi ki gen pi bon valè a.

Pwojè a te gen ladan li:

### **Rekonstriksyon I-95**

Liy prensipal I-95 lan (pòs kilomèt 14.1 pou pòs kilomèt 15.0) nan tou de direksyon yo te rekonstwi ansanm avèk amelyorasyon sekirite tankou akotman ki pi laj, chose ki modènize ak enstalasyon ray gidaj ak baryè yo.

### **Modènizasyon Ranp**

Zòn lan gen ladan yon sistèm entèchanj ki gen sis ranp avèk Cross Westchester Expressway (I-287) ak Midland Avenue nan Vil Rye ak Vilaj Port Chester.

Gen plizyè ranp ki te modènize ak rekonfigire pou amelyore sikilasyon trafik:

- Pon ranp I-287 direksyon lès rive I-95 direksyon nò te ranplase ak reyaliyen.
- Ranp Midland Avenue an te reyaliyen pou konekte dirèkteman nan I-95 direksyon nò.
- I-95 direksyon sid la te elaji pou bay yon ranp sòti ak de vwa pou I-287 direksyon lwès.
- Amelyorasyon yo te fèt nan entèchanj I-95 direksyon nò/Midland Avenue.

### **Ranplasman ak Reyabilitasyon Pon**

Pwojè a gen ladan tou travay sou plizyè pon:

- Pon Grace Church Street sou I-95 (pòs kilomèt 14.46) la te ranplase epi [te ouvri](#) an septanm 2020
- Pon Boston Post Road (pòs kilomèt 13.71), pon Purchase Street (pòs kilomèt 13.48), pon ponso Blind Brook (pòs kilomèt 13.34) ak pon Bryam River (pòs kilomèt 14.93) te reyabilite.

**Senatè Shelley B. Mayer te deklare,** "Yon moman planifikasyon enkwayab te nesesè pou garanti konstriksyon sou twonson enpòtan, ki gen gwo volim sa a nan Thruway ki te abòde sekirite ak preyoqipasyon katye a yo. Mwen aplodi Otorite Thruway pou travay yo avèk vwazen ak responsab minisipal yo pou fè pwojè sa a mwens deranjan posib epi mwen konfyan y ap kontinye angaje nan kominote a alavni. Felisitasyon pou achèvmman 'Last Mile.'"

**Manm Asanble Steve Otis te deklare,** "Felisitasyon pou Otorite Thruway, kontraktè ak travayè yo ki te atenn yon gwo etap nan achèvmman pwojè Last Mile la. Pwojè sa a se youn nan pi gwo pwojè rekonstriksyon nan istwa Otorite Thruway. Li te prevwa pandan plizyè deseni epi te nesesè pou abòde sekirite ak preyoqipasyon katye yo. Yon pwojè sou anplè sa a te enplike deranjman nan kominote yo, katye yo ak otomobilis yo men apati pèspektiv lokal la, Otorite Thruway te fè ajisteman nan konsepsyon ak konstriksyon kalandriye pou abòde pwoblèm ki te souleve sou wout la epi kontinye travay avèk nou sou pwoblèm ki fè sifas. Mwen apresye reyaktivite Otorite (Authority) a

nan travay avèk vwazen ak responsab minisipal yo ke mwen te wè dirèkteman isit la ak atravè eta a".

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare,** "Kòm yon moun ki te vwayaje sou New England Thruway pifò lavi mwen, mwen eksite pou wè ke nou finalman prèske rive nan liy final la ak fini pwojè "last mile" nou t ap tann depi lontan an. Mwen te reprezante menm zòn sa a depi anvan konsepsyon pwojè a prèske 20 ane de sa, mwen te temwen tout difikilte ki asosye ak li ansanm ak solisyon ki te vin apre yo. Pwojè enfrastrikti 135 milyon dola sa a, sa gen ladan twonson yon kilomèt swasant soti Port Chester ak Rye rive nan fwontyè Connecticut, te gen ladan amelyorasyon sekirite nesese tankou adisyon akotman pi laj, makaj chose ki modènize ak enstalasyon ray gidaj sekirite ak baryè. Mwen vle remèsye patnè nou yo nan Otorite Thruway Eta New York la pou travay yo sou plizyè mizajou ki gen rapò ak pwojè sa a, sa gen ladan Pon Grace Church Street ak Pon Boston Post Road, tout sa yo te afekte pasan Konte Westchester yo nan yon fason pozitif".

**Manadjè Vilaj Port Chester, Stuart L. Rabin, te deklare,** "Vilaj Port Chester kontan wè konstriksyon "Last Mile" la rive reyalize avèk siksè. Avantaj pou rezidan ak vwazen nou yo, ansanm ak otomobilis ki vizite Vilaj Port Chester yo pou reyalize komès avèk anpil restoran ak lokal komèsyal nou yo, pral kounye a kapab ale ak soti nan vilaj nou an pi an sekirite gras ak tout modènizasyon ak amelyorasyon ki te fèt pandan dewoulman pwojè a".

###

Lèt nouwl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418